Къэрал псоми я пролетархэ, фызэгухьэ!

ЛЕНИН ГЪУЭГУ

Ленинский путь

ГАЗЕТЫР 1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

КПСС-м И КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР ОБКОМЫМ, КъБАССР-м И СОВЕТ НЭХЪЫЩХЬЭМ, МИНИСТРХЭМ Я СОВЕТЫМ Я ОРГАН

ОРГАН КАБАРДИНО-БАЛКАРСКОГО ОБЛАСТНОГО КОМИТЕТА КПСС, ВЕРХОВНОГО СОВЕТА И СОВЕТА МИНИСТРОВ КБАССР

№ 67 (16.958).

1990 ГЪЭМ АПРЕЛЫМ И 5, МАХУЭКУ

Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ

И уасэр кІэпІейкІи 3-тІ.

НОБЭРЕЙ НОМЕРЫМ:

- ЩІАЛЭГЪУАЛЭР ГЪЭСЭНЫМ — ГУЛЪЫТЭ НЭХЪЫБЭ
- ЩІЫХЬЫР КЪЫЗЫХЭКІЫР
- ЗЫТЕПСЭЛЪЫХЬАРІУЭХУ ЩХЬЭПЭЩ
- КЪЭРАЛЫМ ИКІЫЖХЭР
- «ЛЕНИН ГЪУЭГУМ» И ПОЩТ
- ТЫРКУМ ЩЫТЛЪЭГЪУАХЭР
- ЗЫРИ ТЩЫГЪУПЩАКЪЫМ
- ДУНЕЙР НОБЭ

СССР-м И СОВЕТ НЭХЪЫЩХЬЭМ И СЕССИЕМ

СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм Лъэпкъхэмкlэ и Советыр апрелым и 4-м ССР-хэм я Союзым, союзнэ, автономнэ республикэхэм я экономическэ зэхущытыкlэхэм я лъабжьэхэм я lуэхукlэ законопроектым тепсэлъыхьащ. Палатитlми къащтэу щытмэ, а документым гъэ къакlуэ январым и 1-м щыщlэдзауэ къару игъуэтынущ.

Законопроектым комиссэхэмрэ комитетхэмрэ фlыуэ елэжьащ. Ар абы и щlэр зэрызэрахъуэкlами къегъэлъагъуэ. Документыщlэм союзнэ, автономнэ республикэхэм ахъшэкlэ, налогымкlэ, инвестиционнэ политикэмкlэ, природэр къэгъэсэбэпыным-кlэ яlэ хуитыныгъэхэм куэдкlэ хегъахъуэ. Абы зэритымкlэ абыхэм lэмал ягъуэтынущ къэрал щlыб экономическэ лэжьыгъэ ирагъэкlуэкlыну, я планхэр, я бюджетыр яубзыхуну, республикэхэм я сэбэп зыхэлъхэм емызэгъыу щытмэ, союзнэ органхэм я унафэхэр гъэзэщlэныр ягъэувыlэну.

Союзым хуитыныгъэ иlэщ хозяйственнэ лэжьыгъэм теухуа законодательнэ хабзэ зэщхьэщыкlыу къыщlэкl

коммунистхэм я пщэрыльхэр зэрагъэзащIэм парт организацэхэр нэхъ ткIийуэ кIэлъыплъын щIыхуейр. Абы и лъэныкъуэкIэ абыхэм яIэ хуитыныгъэ зымы яIнакъым.

КПСС-м и обкомым и пленумым зытепсэлъыхьа Iуэхугъуэхэм теухауэ къищта унафэм къызэрыщыгъэлъэгъуащи, VI пленумым унафэ ищIауэ щытащ отчет-хэхыныгъэ собранэхэр март—апрель мазэхэм зэфIагъэкIыу апрелым и кIэм парт конференц зэхуащэсыну. Ауэ нооэ Iуэхум и щытыкIэр кънльытэри, пленумым а пIалъэр игъэIэпхъуащ — XXXIX областной парт конференцыр 1990 гъэм майм и 30-м зэхуос. Сыт абы и щхьэусыгъуэр? Псом япэу, Советхэм хэхыныр кIыхьлIыхь зэрыхъуарщ, советскэ органхэм я зэхэлъыкIэр зэхъуэкIыным теухуа унафэ къыдэкIынухэм пэплъэн зыгъэпсэфыпIэ ратыр гъэмащIэн, хуит къэхъу цIыхухэр лэжьапIэ IэнатIэ гъэувын зэрыхуейрщ.

Пленумыр хэплъащ КПСС-м и XXVIII съездым и делегатхэр хэхыным и Iуэхумн.

А псом къыдэкIуэу пленумым кънгъэлъэгъуащ республикэм общественно-политическэ щытыкIэр зэрыщымыIейр. Абы и щыхьэтщ гъэ дызэрытым народнэ хозяйствэр мыбдаджэу зэрылажьэр. Къэбэрдей-Балкъэрым и промышленностым январымрэ февралымрэ я планхэр процент 99,6-кIэ игъэзащIащ, цIыхухэм къагъэсэоэн хъэпшыпхэр къыщIэгъэкIынми пэлъэщащ. Мэкъумэшым и гугъу щIымэ, колхозхэмрэ совхозхэмрэ шэуэ къашым, джэдыкIэу къыщрахым хэхъуащ, гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр зэпэщу йокIуэкI.

Апхуэдэу щыт пэтми, республикэм узыгъэпIейтеин Iуэхухэр щымащIэкъым, псом япэу хэхыныгъэхэм кърикIуахэр — икъукIэ мыхъумыщIэщ РСФСР-м и народнэ депутату хахахэм ди къуэш балъкъэр народым и лIыкIуэ зэрыхэмыхуар. Партым и обкомым мы зэманым Iуэхугъуэ зыкъом елэжь ар гъэзэкIуэжыным теухуауэ.

УнмыгъэпIейтеннкIэ Iэмал иIэкъым экономикэм и зыужьыкIэр нэхъ хуэм зэрыхъуи, мы IэнатIэм зэпэщыныгъэ, дисциплинэ зэрыщымыIэм. Къэбгъэлъагъуэмэ, зи гугъу тщIы лъэхъэнэм, гъэ кIуам и апхуэдэ зэманым елъытауэ, промышленнэ продукцэу къыщIагъэкIыр мащIэ хъуащ, сом 1 мелуан и уасэ хурамыгъашIэу кънэнащ. Нэхъ мащIэ хъуащ лыуэ къалэжьыр.

КIэщIу жыпIэмэ, парт организацэхэм я нэIэ зытрагъэтыпхъэхэр гъунэжщ. Къару псори ехьэлIэн хуейщ лэжьакIуэ коллективхэм я къарухэр зэщIэгъэуIуэным, производствэм, общественнэ гъащIэм зэпэщынигъэ, дисциплинэ щыIэным. Республикэм Iэмал псори иIэщ и пащхьэ кънт къалэн псори зэфIигъэкIын, цIыхубэм я зэIузэпэщ псэукIэр кънIэтын папщIэ. Абы папщIэ Iэмал псори къэгъэсэбэпын, экономикэр, социальнэ, духовнэ гъащIэр егъэфIэкIуэн хуейщ.

Парт организацэхэм я нэIэ мы махуэхэм зытетыпхъэ нэгъуэщI Iуэхухэри щыIэщ. Ахэр КПСС-м и XXVIII съездыр къыщызIуахынум, ТекIуэныгъэ иныр илъэс 45-рэ щрикъум зыхуэгъэхьэзырынырщ. А махуэхэм зыщыхуэдгъэхьэзыр лъэхъэнэм Iуэхугъуэ псори лэжьын хуеинщ ди партым и сатырхэр быдэу зэкъуэувэн, коммунистхэмрэ партым хэмытхэмрэ я жыджэрагъыр къэтIэтын, а жыджэрагъыр социально-экономическэ, общественно-политическэ къалэнхэр зэфIэгъэкIыным хуэунэтIа хъун папщIэ.

Бахъсэн районым щыIэ «Красная Кабарда» колхозым бэдзэндым тету лажьэ мэкъумэшыщIэхэр иджыпсту йолэжь щIыр гъэпщэрыным. Абыхэм фIыуэ къагуроIуэ гъавэ бзв къехьэлIэнымкIэ абы мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

СУРЭТХЭМ: колхозым и механизатор пашэхэу Жамырзэ Борис (ищхьэ сурэтым); Мэшэр Данил сымэщ; щIым удобренэ халъхьэ.

Тезыхар
ЩОМАХУЭ Владимирщ.

КПСС-м И XXVIII СЪЕЗДЫМ ИРИХЬЭЛIЭУ

КПСС-м и XXVIII съездым ирихьэлIэу проектхэмрэ документхэмрэ щытепсэлъыхьым коммунистхэм, республикэм и гуащIэрыпсэухэм къыхалъхьа Iуэхугъуэхэмрэ ящIа дагъуэхэмрэ хэплъэн папщIэ партым и обкомым и бюром комиссэ щхьэхуэ къызэригъэпэщащ.

КПСС-м и XXVIII съездым ирихьэлIэу КПСС-м и ЦК-м къищта платформэм и проектымкIэ комиссэм и унафэщIщ партым и обкомым и етIуанэ секретарь Зумакулов Б. М., КПСС-м и Уставым и проектымкIэ комиссэм и председателщ партым и обкомым и секретарь Захарченкэ В. Г.

КПСС-м и обкомыр коммунистхэм, Къэбэрдей-Балкъэрым и гуащIэрыпсэухэм йолъэIу, ящI дагъуэхэмрэ къыхалъхьэ Iуэхугъуэхэмрэ мы адресымкIэ игъэхьыну: Налшык къалэ, Советхэм я Унэ, КПСС-м и обком. Упсэлъэн хуей хъууэ щытмэ, мы телефонхэмкIэ: 2-35-67, 2-23-77.

ГЪАТХЭ МАХУЭ ГЪЭ ЕГЪАШХЭ

НЭХЪ КIАСЭУ ЩIАДЗАМИ...

Губгъуэ лэжьыгъэхэм нэхъ кIасэу щIадзащ Тэрч районым щыIэ «Мало-Къэбэрдей» совхозым и мэкъумэшыщIэхэм. Ар къыхэкIащ Iэщ гъэхъуным и IэнатIэхэм трактор куэд къыщагъэсэбэпын хуей зэрыхъуам. Апхуэдэу щытми, механизаторхэм щIакъуэзэжауэ, дэтхэнэ сыхьэтри къалъытэу лэжьыгъэр ирагъэкIуэкI.

Къэбгъэлъагъуэмэ, езанэ мэкъумэш-трактор бригадэм и мэкъумэшыщIэхэм еужьырэкIыу къэкIыгъэ пасэхэр зытращIэну хьэсэхэр ягъэхьэзыр, жылэр щIым хагъэзагъэ. Гъавэ щIапIэхэр кънтхъ, культиваце щIыным, гъэщэбэным кыхожаныкI механизаторхэу Уланский Иванрэ Бризгительский Александррэ, абыхэм гектар 600-м щIигъу игъэхьэзыращ. Дадэ Залымхъанрэ Чэрмэн Казбекрэ махуэ бжыгъэкIэ гъэшIэхэ горэхыр гектари 150-м трасащ.

Абыхэм зыкъыкIэрагъэхурк1ым етIуанэ бригадэм и механизаторхэми. Костенкэ Сергейрэ Лепий Сергейрэ гъавэ щIапIэхэр кънэ щымыIэу ягъэхьэзырауэ иджы къэкIыгъэ пасэхэр щIым хагъэзагъэ. Механизатор Къуэжей Мухьэрбийрэ абы и дэIэпыкъуэгъу Къуэн Вячеславрэ авосыр гектар 50-м трасащ.

Ещанэ бригадэм и гъавэ щIапIэхэр бгылъэ щIыпIэхэм щыIэщ, абы псыIэр нэхъыбэрэ щIыгъщи, механизаторхэм лэжьыгъэм нэхъ пасэу щIадзэну Iэмал ягъуэтыркъым. Апхуэдэу щытми, механизаторхэм гъавэ щIапIэхэр ягъэхьэзырын яхуэзфIэкIащ. Гъуэгункъуэ Хьэсэнрэ Шаблинский Викторрэ горохыр гектар 50-м, люцернэр — 30-м трасащ.

Мыгувэу сэхуранымрэ нартыхумрэ тесэн щIадзэнущ. Абы механизаторхэм сыткIи зыхуагъэхьэзыр икIи я мурадщ агротехникэм и хабзэхэм тету сэныр зэман нэхъыфIым зэфIагъэкIыну.

Ещанэ бригадэм и гъавэ щIапIэхэр бгылъэ щIыпIэхэм щыIэщ, абы псыIэр нэхъыбэрэ щIыгъщи, механизаторхэм лэжьыгъэм нэхъ пасэу щIадзэну Iэмал ягъуэтыркъым. Апхуэдэу щытми, механизаторхэм гъавэ щIапIэхэр ягъэхьэзырын яхуэзфIэкIащ. Гъуэгункъуэ Хьэсэнрэ Шаблинский Викторрэ горохыр гектар 50-м, люцернэр — 30-м трасащ.

Мыгувэу сэхуранымрэ нартыхумрэ тесэн щIадзэнущ. Абы механизаторхэм сыткIи зыхуагъэхьэзыр икIи я мурадщ агротехникэм и хабзэхэм тету сэныр зэман нэхъыфIым зэфIагъэкIыну.

Ещанэ бригадэм и гъавэ щIапIэхэр бгылъэ щIыпIэхэм щыIэщ, абы псыIэр нэхъыбэрэ щIыгъщи, механизаторхэм лэжьыгъэм нэхъ пасэу щIадзэну Iэмал ягъуэтыркъым. Апхуэдэу щытми, механизаторхэм гъавэ щIапIэхэр ягъэхьэзырын яхуэзфIэкIащ. Гъуэгункъуэ Хьэсэнрэ Шаблинский Викторрэ горохыр гектар 50-м, люцернэр — 30-м трасащ.

Мыгувэу сэхуранымрэ нартыхумрэ тесэн щIадзэнущ. Абы механизаторхэм сыткIи зыхуагъэхьэзыр икIи я мурадщ агротехникэм и хабзэхэм тету сэныр зэман нэхъыфIым зэфIагъэкIыну.

Iэщ гъэхъуныр IэнатIэ нэхъыщхьэщ

ГУГЪЭ УЭЗЫГЪЭЩIХЭР мащIэкъым

Куэд щIакъым Аруан районым щыIэ «Лэскэн» совхозым и Iэщыхъуэхэр шэр къэшныныкIэ, къэралым ещэнымкIэ республикэм къыщагъэхьэзырыхуэм хабжэу зэрыщытарэ. Абы щхьэусыгъуэ и мащIэтэкъым.

Нэхъыщхьэрати, гъэш комплексым щылэжьэнухэр яхурикъуртэкъым, лэжьапIэ мащIэ фIэкIа къызэрамыхъэщ щхьэкIэ Iухьэ-IукIыр куэдт, Iэщым уз зэрыщIалэ хэтт. А псоми къахэкIыу жэмхэм шэуэ къащIэкI щыIэтэкъым. Ахэр узыгъэгупсысэ Iуэхут, икIэщIыпIэкIэ унафэ пыухыкIа зытещIыхьыпхъэт.

Апхуэдэуи ящIащ, Iэщ гъэхъуным гулъытэ нэхъыбэ хуащI хъуащ, а IэнатIэм я гупэ хуагъэзащ. Iэщыхъуэхэр ирикъуу яIэн щхьэкIэ ахэр нэхъ тезыгъэгушхуэн, дэзыхьэхын Iуэхугъуэхэр яубзыхуащ. Нобэр къыздэсым я лэжьыгъэр нэхъ тыныш зэрыщащIыным хущIокъуэхэр. Гъэш комплексым тес Iэщыхъуэхэм уиэ яIэщ, абы хэтщ шхапIэ, зыгъэпсэхупIэ пэшхэр, зыгъэпскIыпIэ, ар сыт щыгъуи къагъэплъ. Гупыр хозрасчетым къэшыным трагъэкIуэдар соми 6-кIэ ягъэмащIащ.

— Ахэр псори япэ лъэбакъуэщ, — жеIэ гъэш комплексым и унафэщI Балъкъэр Хьэсэнбий. — Мы гъэм дэ нэхъыбэ тхуэзфIэкIыну догугъэ. АбыкIи хэкIыпIэ диIэщ. Iэщыхъуэхэм гудзакъэ яхэлъщ, лэжьыгъэ дисциплинэр нэхъ быдэ хъуащ, къыкIэрыху, щхьэусыгъуэншэу къыдэмыкI гупым хэтыжкъым. Ари щIэгъэкъуэныфI къытхуохъу ди зэфIэкIым хэдгъэхъуэнымкIэ. БлэкIа мазищым шэр къэшынымкIэ, къэралым ещэнымкIэ планхэр щIигъуу дгъэзэщIащ. Мы махуэхэм центнер 19 къыдош, центнер 18-р IыхыпIэм идогъашэ. Шэм и фIагъыр иужьрей зэманым едгъэфIэкIуэжащ, иджы тщэр япэ сорту, и Iувагъыр проценти 3,7-рэ хъууэ пхокI.

Ди мащIэкъым лэжьакIуэ пашэхэри. Апхуэдэхэщ махуэм жэм къэс шэ килограмм 12 къыщIэзышхэу Елей Марьян, Къурбан ФатIимэ, Шагъыр Ритэ, Къумыкъу Жанусэ, Iэхъуэхэу Джатий Хъусен, Кумыщ Борис сымэ.

Ди корр.

Гъуэгу нэпцIым яхутешэнкъым

Иджыпсту Литвам шекIуэкIым ди республикэм и гуащIэрыпсэухэри, иропейтей, Абы и пащхьэ къэбгъэлъагъуэ хъунущ мы махуэхэм ди республикэм щекIуэкI митингхэр.

Апхуэдэ зэхыхьэ Налшык электровакуумнэ заводым дыгъуасэ щызэхэтащ. Ар предприятэм и парткомым и секретарь Лавров Александр къызэIуихыу Литвам къыщалэта Iуэху мыщхьэпэхэр зэриубыр жиIа иужь, псалъэ иритащ зауэм и ветеранхэм я советым и председатель Сильных Навел. Абы и гъащIэм и нэхъыбэр Совет Армэм щигъэкIуащи, фIыуэ ещIэ апхуэдэ ерыщагъым фIы къызэрыдэмыкIуэнур. «Дэ, коммунистхэм, инъукIэ ди жагъуэ мэхъу,— жиIащ абы, — иджыпсту Литвам унафэщI щыхъуэхэм лъэпкъыр зыгъэгъуэщэн гъуэгум трашэну, бурмуазэ псэукIэр нэхъыфIу я фIэщ ящIыну зэрыхэтыр. Ауэ сэ шэч кыштехьэригъым абыхэм я макъым щIэдэIухэм нэхърэ ямытелъхьэхэр куэдкIэ зэрынэхъыбэр. Ахэр зыщIигъэгупсысыжын хуейщ ди къэралым и Президент М. С. Горбачев Литовскэ ССР-м и щIыхубэм зэрызахуигъэзэм теухуауэ. Абы митингым къыщеджащ трикотаж цехым и парт бюром и секретарь, ОТК-м и инженер Билоцкая Аниз.

Къэралым и Президентым Литвам и щIыхухэм зэрызахуигъэзам зэрителъхьэр икIи ар зэрыдаIыгъыр; абы щалэжь Iуэхухэр щIэбгъэзэхуэн щхьэусыгъуэ лъэпкъ зэрамыIэр, республикэм и унафэщI хъуахэм а щIыпIэм щыпсэухэр ягъэщхьэрыуэну зэрыхэтыр, ауэ ар абыхэм я макъэзремыхъулIэнур жаIэу митингым къыщыпсалъэхэщ трикотаж щыгъынхэр зэIузыщэхэу Къущхьэ Ленэ, Светиковэ Светэ, Альмамедовэ Надеждэ, комбинатым и парткомым и секретарь Жабоев Эльдар сымэ.

Митингым хэтахэм резолюцэ къащтащ.

* * *

Налшык «Дружба» трикотаж комбинатым и цех нэхъ ин дыдэ трикотаж щыгъынхэр щызэIуащэм дыгъуасэ митинг щызэхэтащ СССР-м и Президент М. С. Горбачев Литовскэ ССР-м и щIыхубэм зэрызахуигъазэм теухуауэ. Абы митингым къыщеджащ трикотаж цехым и парт бюром и секретарь, ОТК-м и инженер Билоцкая Аниз.

Къэралым и Президентым Литвам и щIыхухэм зэрызахуигъазам зэрителъхьэр икIи ар зэрыдаIыгъыр; абы щалэжь Iуэхухэр щIэбгъэзэхуэн щхьэусыгъуэ лъэпкъ зэрамыIэр, республикэм и унафэщI хъуахэм а щIыпIэм щыпсэухэр ягъэщхьэрыуэну зэрыхэтыр, ауэ ар абыхэм я макъэзремыхъулIэнур жаIэу митингым къыщыпсалъэхэщ трикотаж щыгъынхэр зэIузыщэхэу Къущхьэ Ленэ, Светиковэ Светэ, Альмамедовэ Надеждэ, комбинатым и парткомым и секретарь Жабоев Эльдар сымэ.

Митингым хэтахэм резолюцэ къащтащ.

* * *

Налшык «Дружба» трикотаж комбинатым и цех нэхъ ин дыдэ трикотаж щыгъынхэр щызэIуащэм дыгъуасэ митинг щызэхэтащ СССР-м и Президент М. С. Горбачев Литовскэ ССР-м и щIыхубэм зэрызахуигъазэм теухуауэ. Абы митингым къыщеджащ трикотаж цехым и парт бюром и секретарь, ОТК-м и инженер Билоцкая Аниз.

Къэралым и Президентым Литвам и щIыхухэм зэрызахуигъазам зэрителъхьэр икIи ар зэрыдаIыгъыр; абы щалэжь Iуэхухэр щIэбгъэзэхуэн щхьэусыгъуэ лъэпкъ зэрамыIэр, республикэм и унафэщI хъуахэм а щIыпIэм щыпсэухэр ягъэщхьэрыуэну зэрыхэтыр, ауэ ар абыхэм я макъэзремыхъулIэнур жаIэу митингым къыщыпсалъэхэщ трикотаж щыгъынхэр зэIузыщэхэу Къущхьэ Ленэ, Светиковэ Светэ, Альмамедовэ Надеждэ, комбинатым и парткомым и секретарь Жабоев Эльдар сымэ.

Митингым хэтахэм резолюцэ къащтащ.

ЩIАЛЭГЪУАЛЭР ГЪЭСЭНЫМ—ГУЛЪЫТЭ НЭХЪЫБЭ

ЩАПХЪЭФIЫМ ТЕТУ

«КПСС-р и телъхьэщ, — дыкъыщоджэ КПСС-м и платформэм и проектым, — сэбэпынагъ зыпылъ щIалэгъуалэ политикэ убзыхуауэ егъэкIуэкIыным, щIэблэ ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIыр ягъэлъэгъуэн, ахэр зыхуей-хэмкIэ арэзы щIын папщIэ Iэмалышхуэхэр къызэIухын, ахэр обществэм и политическэ, хозяйственнэ, культурнэ лажьыгъэм фIыуэ зэрыхэтыным сэбэп хуэхъуным...»

Абы и лъэныкъуэкIэ Шэджэм районым щыIэ «Нартан» ОПХ-м и парт комитетым и секретарь Пщыбий Мухьэмэд я IуэхущIафэхэм тхутепсэлъыхьыну щелъэIум, ди корреспондентым къыжриIащ:

— Колхозым и парткомым иужьрей зэманым комсомолецхэмрэ щIалэгъуалэмрэ яджэлэжьэным, ахэр хозяйствэм и Iуэхущ1афэхэм жыджэру къыхэшэным хуэунэтIауэ Iуэхугъуэф1 зыбжанэ елэжь. Гъэ кIуам ди лэжьакIуэхэм яхузэфIэкIащ къэралым гъавэр ещанымкIэ къапэщыта планхэм щIрагъэгъун. Ди Iэщыхъуэхэми илъэс блэкIар мыхуэмыхуу яухащ. Къэралым IэщхэкI-хэр ещанымкIэ планхэр лымкIэ процентищ 135-кIэ, щэмкIэ — 125-кIэ ягъэзащIащ. Ику иту жэм къэс къыщIашащ шэ килограмм 3.128-рэ.

Мы гъэм IэщхэкIхэр щIэнымкIи мазищ планым зыкъомкIэ щIедгъэгъуащ. Гъатхэ губгъуэ лажьыгъэхэм хуэщIауэ щIадзауэ ди механизаторхэм жылэр еужьэрэкIыу щIым халъхьэ. КъэкIыгъэ пасэхэр тесэн яухащ, иджы сэхураныр, партыхур сэным зыхуагъэхьэзыр.

ЖылIапхъэщ а ехъулIэныгъэхэр къэхьыным ди къуажэдэс щIалэгъуалэм лажьыгъэшхуэ зэрыхащIыхьыр. Я Iэнатlэр щапхъэ зэлъу ираубэкI комсомолец 140-м. Абыхэм щыщу мэкъумэш щIэным йолажь щIыху 79-рэ, Iэщ гъэхъуным — 34-рэ. Хозяйствэм зы Iэнатlи щыIэкъым комсомолецхэр, щIалэгъуалэр зыIумыт.

Парт комитетым и нэIэсыт щыгъуи тригъэтщ комсомолецхэм я жэрдэмырэ жыджэрагъымрэ къэIэтыным. Езыхэм я щапхъэмкIэ щIалэгъуалэр зэпымыууэ къыдэхъэхыныр, абыхэм я лажьыгъэр тэмэму унэтIыныр ди хозяйствэм и комсомол организацэм мыбзаджэу зрегъэхъулIэ. Псом хуэмыдэу комсомол лажьыгъэм зэхъуэкIыныгъэф1 игъуэту хуежьащ коммунист ныбжьыщIэ Тхьэкъуахъуэ Земфирэ комсомол комитетым и секретару зэрыхахрэ. Абы и пщэ къыдэхуэ IуэхумкIэ жэуап зэрихьыр ищIэжу и комсомол къалэныр егъэзащIэ, къыхуащIа дэхьыр егъэпэж.

Сыт щыгъуи парт комитетым и унафэм щIэту къызэрегъэпэщ комсомол организацэм и лажьыгъэр. Ди нэхъыжьыфIхэр щIалэгъуалэр гъэсэным жыджэру къыхэшэнымкIэ, хьэл-щэныфI дахэ, нэмыс къытщIэхъуэ ныбжьыщIэхэм захэгъэлъхьэнымкIэ сэбэп мэхъу къуажэ ветеранхэм я советыр. Абы и Культурэмкlэ унэм и директор Урыс Алексей, художественнэ унафэщIхэу ДыщэкI Арсен, КIуп Хьэзрэталий сымэ.

Комсомол организацэм иригъэкIуэкI гъэсэныгъэ лажьыгъэр зэи лъэужьыншэу кIуэдыркъым. Къэбгъэлъагъуэмэ, ар сэбэпышхуэ мэхъу щIалэгъуалэм я лъэр хозяйствэм щегъэубыдыныкIэ, абыхэм я Iэнатlэр хьэлэлу ягъэзэщIэнымкIэ. Иужь илъэситIым лажьэкIэщIэм дызэрыхуэкIуэрэ къуажэм къыдэнэж щIалэгъуалэр нэхъыбэ хъуащ. Псалъэм папщIэ, Налшык, Нарткъалэ я предприятэ, организацэ зэмылIэужьыгъуэхэм щылажьэу щытхэу ди деж къагъэзэжащ ныбжьыщIэхэу 54-м. Ахэр иджы щапхъэ ягъэлъагъуэу мэкъумэш гъэкIыныгъэ Iэщ гъэхъупымрэ пыщIа Iэнатlэхэм щолажьэ.

Комсомолецхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я ехъулIэныгъэхэм я лъабжьэщ, я къарум и къыхэкIыпIэщ абы ягъуэт парт унафэр. Къапщтэмэ, ныбжьыщIэхэр лажьыгъэм общественнэ Iуэхухэми жану хэту гъэсэныкIэ мащIэ зэфIагъэкIыркъым ди коммунист-ущиякIуэхэм. Абыхэм ящыщщ ветеранхэу Пlаз Жамбот, Сабий Къэралбий, Урыс Башир, Iагъу Борис сымэ.

КПСС-м и ЦК-м и январскэ (1988 гъэ) Пленумым «ЗэхъуэкIыныгъэмрэ партым и кадровэ политикэмрэ я Iуэхукlэ» кIищта унафэм и мыхьэнэр къэлъытэгъуейщ. Абы Iупщlу щыубзыхуащ кадрхэр къыхэхыным, лэжьапIэ гъэувыным, ахэр гъэсэным теухуауэ лажьыпхъэхэр. Абы Iуэхур тетщIыхьурэ, дэ комсомолым къыхэкIыу догъэхьэзыр трактор - мэкъумэш бригадэхэм, Iэщ фермэхэм, мехмастерскоим я унафэщIхэу, Iэщlагъэлlхэу дгъэувыин папщIэ резерву щIыху 13. Ахэр мы зэманым совхозым и хьэкъкIэ щоджэ ди университетым, техникумхэм.

Комсомолым и хьэкъыIэ хохъуэ ди пэщIэдзэ парт организацэр. Апхуэдэу иужь илъэсхэм КПСС-м хыхьахэр мащIэкъым. Къэбгъэлъагъуэмэ, абыхэм ящыщщ зи гугъу сщIынухэр. Хозяйствэм и звеноу 4 нагъабэ бэдзэндым зэрыхуэкIуам зыри хущIегъуэжакъым. ЕплIанэ трактор-мэкъумэш бригадэм щыщ коммунист ныбжьыщIэ Сабий Мухьэмэдин и мехзвеном хэтхэм я процент 80-р щIалэгъуалэщ. Гъэ кIуам абыхэм зэрахьа гуэдз гектар 72-м дэтхэнэми хуэзэу центнер 48-рэ, гибрид партыху гектари 160-м — центнер 48,3-рэ кърагъэтащ. Ахэр планкIэ къытрахын хуеям зыкъомкIэ щIегъу. АбыкIэ щытхъу яхуэфащэщ механизатор щIалэхэу коммунист Щоджэн Юрэ, Жаным Юрэ, Бищlо Валерэ сымэ. Гъэм и кIэухым абыхэм я лажьыгъэм къыпэкIуэу ахъшэ зэрыIыгъ къратыжащ. ЛэжьыгъэфlкIэ я щIэр игъэIу зэпытщ апхуэдэу КПСС-м хэт Шам Суlэдин зи пашэ механизированнэ звеном щыщхэу коммунист ныбжьыщIэ Мокъуэ Iэуладин, комсомолецхэу Джэлэс Аслъэн, Шам Борис, Нэгъуей Олег сымэ, нэгъуэщIхэми.

Я къалэным хуэIэкIуэлъакIуэщ КПСС-м хэт Нуаз Къанщобий зи тхьэмадэ комсомол-щIалэгъуалэ ещанэ, коммунист ныбжьыщIэ Бекъан Анатолэ зи унафэщI етIуанэ гъэщ фермэхэм я коллективхэр. Ахэр гъэш къэшынымкIэ, ар къэрадым ещэнымкIэ я мазэ, квартал планхэм щыпэмылъэщ зэи къэхъуркъым. Комсомолецхэу жэмышхэу Сибэч Арсен, ДыщэкIэ Ирэрэ Асярэ нагъабэ жэм къэс къыщIашащ шэ килограмм 3.200-м щIигъу. Мы гъэми абыхэм я Iуэху бзаджэкъым, килограмм 3.500-м щIобэн. Егугъуу я Iэнатlэм бгъэдэтщ Iэщlэвыщlэ зыгъашхэ комсомолецхэу Шырыхъу Арсен, Хьэбжокъуэ Заур, Хьэгъэбанэ Арсен сыми.

ВЛКСМ-м и Уставым къахуигъэувхэр ягъэзащIэу егъэсэн, я жэрдэмырэ жыджэрагъымрэ хэгъэхъуэн, зыIут Iэнатlэмкlэ яхь жэуаплыныгъэр зыхащIэу гъэлэжьэн мурадкIэ дэ цэх парт организацэхэм, парткомым и заседанэхэм комсомолецхэм я отчет пIалъэкIэрэ дыщодаIуэ. Псалъэм папщIэ, гъэкIуам и августым комсомол организацэм и лажьыгъэм теухуауэ Тхьэкъуахъуэ Земфирэ и отчет парткомым и заседанэм дыщедэIуащ. Мы гъэм абы и отчет кIэщI мыгувэу дедэIуэну планкIэ дгъэуващ.

Апхуэдэу щыт пэтми, ди жагъуэ зэрыхъущи, щIалэгъуалэм мымащIэу иджыри яхэтщ щхьэж хузэфIэкIыну псори зымылэжьхэр, жыджэрагъ зыхэмылъхэр, лажьыгъэр Iумпэм зыщIхэр, ВЛКСМ-м и Уставым къахунгъэувхэм ебакъуэхэр. Комсомолецхэм я деж а мыхъумыщIагъэхэр къыщымыгъэхъуным, езыхэр щIалэгъуалэм я щапхъэ зэрыхъуным дэ ерыщу дыщIобэн. Парткомым и нэIэр дапэкIи тригъэтынущ ди къэралым и Ерыскъыпхъэ программэр гъэзэщIэным, зэхъуэкIыныгъэр щIэгъэпсынщIэным дэтхэнэ зы комсомолецми, щIалэгъуалэми и зэфIэкI псори зэрырихьэлIэным.

ЕМЫШ Хьэдс.

КОММУНИСТХЭМ ЯТЕУХУАУЭ

ЩIЫХЬЫР КЪЫЗЫХЭКIЫР

КIыхьэкъым Атэлыкъ Анатолэ къикIуа лажьыкъэ гъуэгуанэр. Ар 1968 гъэм Налшык дэт курыт школ № 17-р къиуха иужь Налшык полупроводник прибор заводым кIэкIуащ, слесарь-инструменталыщIэ Iэщlагъэми щIэх дэдэу хэгъуэзащ. Гурыхуэу, лажьыгъэм хуэмыдэу щыгъуазэ щIалэщIми я зэфIэкIым щыгъэ и унафэщIыр, Iэщlагъэлlхэр щыгуфIыкIырт. Ар сыт щыгъуи хущIэкъурт пашэхэм щапхъэ зэратрихыным. ТехникэщIэр нэхъ Iэкlуэлъакlуэу къэгъэсэбэпыным теухуа тхылъхэр Анатолэ егугъуу щIидыкIырт.

Рабочэ ахъырзэман къызэрыхэкIам зыми щэч къытрихьэрэкъым Атэлыкъыр выIэу Iэщlагъитl-щы зрегъэгъуэт. Нэхъ иужьыIуэкIэ комсомол-щIалэгъуалэ бригадэ и Iэмыщlэ къралъхьащ. Зыгуэ лажьыгъэ Iэнатlэм щигъуэта опытыр и ныбжьэгъуэм ябгъэдилъхьэу, чэнджэщэгъуфIу, къуэшым хуэдэу ар зэрахущытым бригадэм хэтхэр ягъэгушхуэ. Куэд дэмыкIыу Атэлыкъым и гупым и щIэ фIыщIэ заводым къыщаIэт, щапхъэу адрейхэм хуагъэлъагъуэ.

Цех № 22-м и коллективым зэрыщылажьэ илъэсхэм Анатолэ зыкъигъэлъэгъуащ Iэщlагъэлl Iэзэу зэрыщытым и мызакъуэу, атIэ икIи общественник жыджэру. Ар сыт щыгъуи хъэлэлу, ерыщу щIыхьэм я сэбэп зыкъэнакъым, зи къалэнхэм мазэ, квартал къэс пэмылъэщ гупым хэткъым.

Нужь илъэсищIым коммунист Атэлыкъыр цехым и профсоюз комитетым и председателу 7 хахащ, 1980 гъэ лъандэрэ предприятэм и профкомым хэтщи, лажьыгъэр хъумэныкIэ комиссар еунэт. Заводым и коллективыр фIыуэ щыгъуазэщIэрыпсэухэм я сэбэп зыхэлъхэу захуагъэкIэ къагъэувэм къыщыжу кулыкъу зыIэщIэлъхэм я пащхьэ куэдрэ Iуэху къызэрыщIэтым. Лажьыгъэмкlэ законодательствэр кууэ зэрищIэр абы къыхэощхьэпэ Iуэхур тэмэму убзыхуныкIэ.

Коммунист слесарь-инструменталыщIэ Атэлыкъыр ныбжьыщIэхэм я гъэсэныгъэм ирагъэкIуэкI. Ар ныбжьыщIэхэм я зэхуэдэу щIэныгъэ зэратехьэным, ахэр производствэм и Iуэхухэм щIэныгъэкIэ къызэрахущIэкIынымкIэ ирагъэгушхуэ. Ар ныбжьыщIэхэм я щIэныгъэ зэрагъэфIакIуэм

Кlэщlу Анатолэ къыкlуэ лэжьагъэ гъуэгуанэр. Ар 1968 гъэм Налшык дэт курыт школ № 17-р къиуха нэужь Налшык полупроводник прибор заводым кlэкlуащ, слесарь-инструментальщик lэщlагъэми щlэх дыдэу хэгъуэзащ. Гурыхуэу, лэжьыгъэм хуэжану щыт щlалэщlэм и зэфlэкlым цехым и унафэщlым. Комсомол-щlалэгъуалэ бригадэм хэлэжьащ, пащхьэ адрейхэм хущlэлъагъуэ.

Цех № 22-м и коллективым зэрыщылэжьа илъэсхэм Анатолэ зынэгъэлъагъуащ lэщlагъэлI Iэзэу зэрыщытым и мызакъуэу, атlэ икlи общественник жыджэру. Ар сыт щыгъуи хьэлэлу, ерыщу щыхухэм я сэбэп зыхэлъхэм къыщожыф. И ныбжьэгъухэм ауэ сытми ар хахакъым езыхэм я профгрупоргыу. Атэлыкъыр къызэгъэпэщакlуэ lэкlуэлъакlуэу зэрыщытым и фlыгъэкlэ коллективым щыlэ хъуащ творческэ щытыныгъэ, хэпщыкlыу ефlэкlуащ дисциплинар, икlи а псоми ехъулlэныгъэхэр къримыкlуэу

Илъэс куэд хъууэ Налшык гидрометаллургическэ заводым аппаратчицэу щолажьэ Пятигорская Аллэ (сурэтым). Ар зыпэрыт lэнатlэр мытыншми, къыпэщыт къалэнхэм хъарзынэу полъэщ.

Тезыхар ЩОМАХУЭ Владимирщ.

Ди корр.

Илъэс куэд хъууэ Налшык гидрометаллургическэ заводым щолажьэ Пятигорская Аллэ (сурэтым). Ар зыпэрыт lэнатlэр мытыншми, къыпэщыт къалэнхэм хъарзынэу полъэщ.

Тезыхар ЩОМАХУЭ Владимирщ.

Кlэщlу

ПРОДУКЦЭЩIЭ КЪЫЩIЕГЪЭКI

Шэджэм мэз хозяйствэм Чернэ Речкэ къуажэм щlэ отделенэм и лэжьакlуэхэм хьэлэлэ къызэралэт къыщlигъэкlыу щlидзащ. Ар Налшык щlакхъуэ комбинатым ещэху икlи абы и lэщlагъэлlхэм хуабжьу ягу ирохь. Мы гъэм щыщу блэкlа зэманым комбинатым 200 къыlэрыхьащ.

Черноречкэдэсхэм мыгувэу ящlу щlадзэнущ норкэхэр щаlыгъыну унэ щыкlухэр. Аэр республикэм хьэкlэщхъуэкlэ щагъэхъу и хозяйствэхэм иращэнущ. Апхуэдэу зы илъэсым сом мини-тху и уасэ ящlынущ.

Мэз хозяйствэм щыхухэм куэду къагъэсэбэп хьэпшыпхэри мымащlэу къыщlегъэкl. Апхуэдэщ lэнатlэ зэмылlэужьыгъуэхэм къагъэсэбэп lэмэпсымэхэр, паркет къызыхащlыкlыну ягъэхьэзыра пхъэхэр, хадэхэр къызэрахухь пкъохэр.

Щыхухэм куэду къагъэсэбэп хьэпшыпу мы гъэм сом мин 200 и уасэ ящlынущ.

ПЛАНЫР ИГЪЭЗЭЩIАЩ

Тырныауэ къалэм щыlэ «Союзцветметремонт» специализированнэ управленэм и коллективым мурад ищlащ бэдзэнд лэжьакlэм хуэкlуэну. А lуэхум къызыхуэтынщlэу зыхуагъэхьэзырын, зэгурыlуэныгъэхэр зращlылlэн хуейти, ахэр тэмэму къызэрагъэпэщащ. Арати илъэсым щыщу блэкlа зэманым кърикlуахэм гупыр хущlегъуэжакъым, технико-экономическэ lуэхугъуэ псомкlи планыр игъэзэщlащ.

Хозрасчет бригадэхэм арагъэкlуэкlа зэхьэзэхуэм апэ увыпlэр щиубыдащ ещанэ участкэм щыщу Костарнов В. зи унафэщlым Комсомол-щlалэгъуалэ бригадэхэм ящыщу апэ увыпlэр хуагъэфэщащ Жазаев Р. и гупым.

Иджыблагъэ «Къэббалъкъагропромснаб» къэрал-кооперативнэ производственнэ объединенэм консерв заводхэм, ерыскъыпредприятэхэм я унафэщlхэр хэту зэlущlэ щекlуэкlащ. Ар теухуауэ щытащ мы гъэм лэжьакlуэ коллектив псоми Ерыскъыпхъэ программэр зрагъэзэщlэн щхьэкlэ къару нэхъыбэ зрахьэлlэн хуей lуэхугъуэхэр белджылы щlыным.

Къэбэрдей-Балъкъэр агропромышленнэ объединенэм и председателым и япэ заместитель, КъБАССР-м и министр Къущхьэ Iэмырхэн а зэlущlэр къыщызэlухым зэрыжиаци, республикэм и агропромышленнэ комплексым хыхьэ консерв заводхэр псом хуэмыдэу иджыпсту щытыкlэ гугъум итщ. Пхъэщхьэмыщхьэмэ, хадэхэкlым елэжьыным щlадзэным къэнэжа зэманыр къагъэсэбэпурэ замыгъэхьэзырмэ, абыхэм я lуэхур нэхъри нэхъ икlэ хъунущ.

Псом хуэмыдэу ахэр егъэпlейтей продукцэ зралъхьэ банкхэмкlэ, зыкlуэщlалъхьэ материалхэмкlэ иригъуу къызэгъэпэща зэрымыхъум.

Апхуэдэ щытыкlэ гугъум къызыщыфыну иджы ахэр зыщыгугъыр «Къэббалъкъагропромснаб» объединенэм хыхьэ «Налшыкагропромснаб-1»-р аращ. А базэр КъБАССР-м и Агропромым 1986 гъэм къызэригъэпэща-

уэ щытащ. Абы щыгъуэ ятха приказым ипкъ иткlа базэщlэм и къалэн нэхъыщхьэу щытыр хадэхэкlхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэмрэ ерыскъым елэжь коллективхэм, колхозхэм, совхозхэм и чэзум зыхуейхэмкlа нэхъ щlэупщlа зиlэ икlи гъэтыгъуей продукцэ зэмылlэужьыгъуэхэр зралъхьэ, зыкlуэщlалъхьэ материалхэмкlэ зэlущlэкlынущ. Зэман кlэщlым къриубыдэу а Iуэхум теухуауэ зыгуэрхэри зэфlагъэкlащ. Базэм зыхуеину хъумапlэхэр щихуэну щlыуэ гектар 12 кратащ. Ар къигъэсэбэпурэ ухуэныгъэ щхьэпэхэри иригъэкlуэкlащ, пхъэ ашыкхэр щащl цех лажьэу нутыпщащ. Абыхэм къищынэмыщlауэ, «Налшыкагропромснаб-1»-м техническэ зыужьыныгъэ гуэрхэри игъуэтын хуейуэ щытщ. Псалъэм папщlэ яухуэ корпусхэм ящыщ зым оборудованэ щlэтынущ тхылъымпlэ lувым, полимер материалхэм пщалъэ зэмылlэужьыгъуэхэр кърыхащlыкlыу. Апхуэдэхэу сом 1 мелуаным нэблагъэ и уасэ илъэсым ягъэхьэзырынущ.

Къызэрыазрагъэпэщ лъандэрэ базэм организаци 150-м-

нэблагъэм пыщlэныгъэ хуиlэ хъущ.

Сыт хуэдэ организацэри къащти, и къалэн нэхъыщхьэхэм тесухууэ, зэрылэжьэн хуей хабзэ гуэрхэр щыlэщ. Материальнэ ресурсхэмкlэ къызэзыгъэпэщ базэхэри зэрылэжьэн хуей инструкцэ щыlэщ. Ар ягъэзэщlэным нэхъыбэу кърикlуэу къыщlэкlынущ Нарткъалэ консерв заводым и цlэкlэ къашэ фошыгъур абы къыблашу Налшык къэсын хуей зэрыхъуар. Абы гъэщlэгъуэни зэ еплъыгъуэкlэ хэплъагъуэркъым. Ауэ «Налшыкагропромснаб-1»-м и директор ныбжьэгъу Кучмезовым ар мытэмэму къилъытащ. Продукцэу къыщlигъэкlым и куэдагъымкlэ къапщтэмэ, Нарткъалэ консерв заводым и закъуэ къэрал кооператив объединенэм къилэжьын хуейм и процент 60-р егъэхьазыр.

Материальнэ, техническэ ресурсхэм я къызэгъэпэщакlуэхэм я lуэхущlафэхэр зэраупэтlыр лэжьакlуэ коллективхэм нахь пасэу зэхагъэувэу къата лъэlухэрщ. Ахэр щагъэхьазырым фlыуэ хэлэжьыхьамэ, зэрыныкъусаныгъэншэр пщlэмэ, уримыукlытэжу утыку ипхьэ хъунущ. А lуэхум щхьэхуэу сыкъыщlытеувыlэм щхьэусыгъуэ иlэщ. Москва едгъэхьыну лъэlуу хъуар зыуэ щытхъыжкlэ язынынъуэхэм хыболъагъуэ нахь гъуэтыгъуей оборудованэ лlэужьыгъуэхэр зыхуеину бжыгъэм зэрыщхьэпрыкlыр. Абы щыгъуэми къахуэдгъуэта иужь, хуэмежьу къыщыщlэкl щыlэщ. Апхуэдэ lуэху мыщхьэмыпlэ къэхъуа нэужь, ар сату зыщl базэхэм къатохьэлъэ зэрылъапсейм, гъэтlылъыпlэхэр зэраубыдым къыхэкlыу. Абы и щыхьэту зы щапхъэ закъуэ къэсхьынщ. Иджыблагъэ Нарткъалэ шагъыр заводым и лъэlукlэ пресс-фильтритl къыхуэкlуащ. Ауэ абы щыгуфlыкlакъым, атlэ махуэ псом зэраша машинэр щагъэтри ямыунэщlыу кърагъэшэжащ. Къызэрыщlэкlамкlэ ята лъэlум пэмыплъэу пресс-фильтрхэр ди гъунэгъу республикэм ящыщ зым къыщагъуэтащ.

Лэжьакlуэ коллективхэм нужь зэманым ягъуэта хуитыныгъэм апхуэдэ жыджэрагэри къоузгъ, хэбгъэзыхьмэ, дэри ар ди жагъуэкъым. Предприятэхэр хозрасчет нэсымрэ самофинансированэмрэ щыхуэкlуакlэ, я щхьэ япlыжын папщlэ увыlэгъуэ ямыlэу хэкlыпlэ щыlэр къагъэсэбэпын хуей мэхъу. Шагъыр заводым и жэрдэмыр къызэригъэсэбэпыр хъарзынэщ, ауэ абы къыгурыlуэжын хуейуэ мы зэкlэ къуаншагъэ бгъэдэлъщ. Ар пресс-фильтрхэр къыщагъуэтым псынщlэу базэм хъыбар къызэрырамыгъэщ 1 а р щ. Иджы абы кърагъэпэжа сом 5.000 и уасэ пресс-фильтритlым заири хуэмейуэ базэм дэлъщ. Апхуэдэ lуэху мыщхьэмыпlэхэр нэхъ мащlэ хъунущ лэжьакlуэ коллективхэмрэ «Къэббалъкъагропромснабымрэ» я унафэщlхэр, щlэныгъэлlхэр зэрыщlэу зэдэлажьэмэ. Шэч хэлъкъым ар лэжьыгъэ дисциплинэр къэlэтынми сэбэп зэрыхуэхъунум. Зэlущlэм унафэ къыщащтащ дяпэкlэ мазэ къэс зэ зэхуэзэну.

ЖЭМЫХЪУЭ Iэубэчыр,
«Къэббалъкъагропромснаб» объединенэм ухуэныгъэхэр оборудованэрэ материалхэмкlэ къызэгъэпэщынымкlэ и отделым и унафэщl.

ЗЫТЕПСЭЛЪЫХЬАР IУЭХУ ЩХЬЭПЭЩ

ХЬЭЛЪАФIЭР УАСАФIЭЩ

Илъэс зыбжанэ хъууэ былымылыр къэлэжьыныкlэ, къэралым ещэныкlэ къыпэщыщlэ къаланэхэм хъарэзынэу полъэщ Аруан районым щыlэ «Бэтэх» lэщ гъэшхапlэ совхозыр. Ар я фlыщlэщ зи lэщlагъэм хуэlэкlуэлъакlуэ хъуа, зи lэнатlэм щапхъэ къыщызыгъэлъагъуэ lэщыхъуэхэм. Апхуэдэхэр и машlэныкым хозяйствэм, уеблэмэ, ахэр республикэми фlыуэ къыщацlыху. lэщ гъэшхапlэ комплексым бригадищ щолажьэ, абыхэм былымыр я ныбжь елъытауэ зэхэдзауэ зэрахьэ икlи сыт щыгъуи лышхуэ къалэжь.

Фlыуэ лэжьащ былымгъашхэхэр мы гъэм и япэ кварталми. Абыхэм дэтхэнэ lэщlми и хьэлъагъым ику иту жэщ-махуэм грамм 600-м нэс хрягъэгъэхъуащ. Лы центнер къэлэжьыным трагъэкlуэдэн хуей уасэри.

— Мы гъэм дэ былымылу тонн 1.194-рэ къэралым етщэн хуейщ, — жеlэ совхозым и зоотехник нэхъыщхьэ Кугъуатыж Кушбий. — Япэ кварталым и планыр щlигъуу дгъэзэщlащ. lэщlэмэкъумылэри ягъэмэщlащ, дяпэкlи къыдагъахуэм зэрыхагъэхъуэныр хущlэкъунухэщ, сыт щхьэкlэ жыпlэмэ абы я фейдэ хэлъщи, хозрасчетым тету мэлажьэхэри.

Былымгъашхэхэм прагъэкlуэкl зэхьэзэхуэм бжыпэр щиlыгъщ Жэмбей Алихъан ыпэкlэ щыlэ тщ дэтхэнэми ику иту килограмм 500-м щlигъу къишэчащ, нэхъ хьэлъэу пхыкlахэри хэтщ. Абыхэм ахъшэфl къыщlэтхащ. Иджыкlэ нэхъыщхьэр щlымахуэ лъэхъэнэм и кlэухыр зэпэщу къызэпкlыныр щи, абы lэщыхъуэхэми, lэщlагъэлlхэми ди пэlэ тедгъэтщ

„ЛЕНИН ГЪУЭГУМ" И ПОЩТ



НЭХЪЫФІЫР ПЭЖЫРЩ

Мы гъэр къызэриха̀рэ блэкІа зэманым «Ленин гъуэгум» письмо 350-м нэс къыІэрыхьащ. Ахэр кІатх я ныбжькІи я лэжьыгъэкІи зэхуэмыдэ цІыхухэм. Хэти и Іуэху хъарзынэу йокІуэкІ, абыкІэ фІыщІэ хуещІ и унафэщІым, хэти и уз бзаджэр дохутыр Іэпэ щабэм щхьэщихащ, хэти и унащхьэм псы къыпхокІ, хэти и фэтэрыр къэплъыркъым. Уэрамхэр зэрымыкъабзэм, жэщкІэ зэрамыгъэнэхум зэгуигъэпхэри щыІэщ. Іуэхутхьэбзэщіапіэхэм, сатум я лэжьакІуэхэм арэзы ямыщІхэри мащІэкъым, связым хуэшхыдэхэри куэд мэхъу.

Письмохэр къэзытххэм яхэтщ Іуэхум журналистыр псынщІэ дыдэу хигъэІэбэну хуейхэр. Язныкъуэхэм къалытэ газетым къызэрытехуэу ныкъуэсыгъэхэр гъэкІуэдыжа хъуну.

Ауэ редакцэр унафэ зыщІ органкъым. Абы и къалэныр мыхъумыщІагъэхэр къыщІигъэщыну. Іуэху зэфІэмыкІыр утыку кърилхьэну, хэІущІыІу ищІыну аращ. Къищынэмыщ1ауэ Іуэхугъуэ къИэтхэр жэуапыншэу къэмынэным кІэлъыплъын хуейщ.

Фіыт цІыхубэ печатым хуащІ пщІэри къагъэлъагъуэу, абы къыщІигъэщ ныкъусаныгъэхэр гъэкІуэдыжынымкІэ гудзакъи иІэу гукъеуэ зиІэм и гуапэ зэрищІыкІыным хущІэкъуу. Іуэхур зи пщэ илъым ихь жэуапыр зыхищІэжу дэтхэнэ унафэщІри щытами. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, апхуэдэхэр иджыри мащІэщ.

Жэуап къыдамытыжурэ и пІалъэр зэрикІамкІэ зигу къэдгъэкІыжахэм къахокІ яхуэдгъэгъуну телефонкІэ къыдэлъэІухэр, ящыгъупщажауэ е нэгъуэщІым и пщэ ирилъхьауэ, ауэ абы къигъэщІэхъуауэ жызыІэхэр. АбыкІэ редакцэр арэзы хъунукъым. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, дэтхэнэ зы тхыгъэми цІыху къыщогугъ, уеблэмэ абы и гъащІэр а тхэуэсыхафэм зыкъомкІи елъытауэ щытынкІи хъунущ.

Тхэуэсыхафэр зыхуедгъэхь унафэщІхэм къахокІ езыхэм Іуэхур зэхамыгъэкІыу, пыкъусанытэхэр гъэкІуэдыжынымкІэ зыри зэфІамытэкІыу ар щІэтхэуэсыхахэм я деж щрагъэхьыж. Ар тэмэмкъым. ИкІи абы етІуанэу тхэуэсыхафэ къежьэ. Апхуэдэу ящІ цІыхубэ депутатхэм я Налшык къалэ, Бахъсэн район Советхэм я исполкомхэм. Абыкіэ щапхъэ пыухыкІахэр къытхуэхьынущ.

Къапщтэмэ, Бахъсэн районым электрическэ сетхэм я лэжьыгъэм цІыху куэд ягъэтхэуэсыхэр, ныкъусаныгъэ инхэр хэлъщ. Абыхэм ятеуха тхыгъэхэм ящыщ зы цІыхубэ депутатхэм я Бахъсэн район Советым и исполкомым едгъэхьащ ныкъусаныгъэхэр гъэкІуэдыжынымкІэ лэжьыгъэ пыухыкІа иригъэкІуэкІыну, ахэр къэзыгъэхъухэр жэуапым иришэлІэну дыщыгугъыу. Ауэ райисполкомым нэгъуэщІу ищІащ—тхыгъэр зытехъущІыхь организацэм и деж иригъэкІуэкІыщ, абы езым зигъэзахуэу дэ жэуап къыдитыжащ. Арати, ныкъусанытэхэр зэрыщыту къэнэжащ, ахэр къэзыгъэхъуахэми зыкІи мыкъуаншэу забыжыкъ.

Газетым къытехуа критикэм е къытемыхуэ щІыкІэ зэхагъэкІын папщІэ едгъэхь, цІыхухэм я тхыгъэхэм къыщаІэт гукъеуэхэм унафэщІ щхьэхуэхэм псалъэмакъ зэрыращІэкІ, унафэ зэрытращІыхь щІыкІэм арэзы дыкъэщІыркъым. Абы къыхэкІкІэ етІуанэу къытедгъэзэжу газетым щытетдзэ къохъу. Апхуэдэу къытедгъэзэжын хуей хъуащ Бахъсэн районым, «Къэббалъкъавтотехобслуживание» объединенэхэм кІикІыжа жэуап мыхъумыщІэхэм пэджэж тхыгъэхэр.

Дэ Іэмал зэриІэкІэ зы тхыгъи гулъытэншэу къэдгъанэркъым. Ауэ редакцэм ныбжьыкІэ ныбжьыкъуэхэр я тхьэусыхафэхэм щІэзыныдэ. Апхуэдэ тхыгъэм хэмыплъэну унафэ къызэрыдэкІрэ зыкъом щІащ. Ахэр къэзытххэм я жагъуэ ирамыщІ, дэ апхуэдэ тхыгъэхэм дыхэплъэркъым икІи дыхэплъэнукъым.

Бахъсэн АТП-м и шоферхэм автобусхэр я щхьэ ІуэхугъэкІэ къагъэсэбэпу иту Кыщпэн къуажэм тхыгъэ кІэкІащ. Ауэ абы зым и Іи щІэлъкъым, и хэщІапІэри теткъым. Ар дауэ зэрызэхэгъэкІынур? Зытетхыхь шоферым и унэцІэри къигъэлъагъукъым.

Апхуэдэу «къуагъэпІэ фочауэщ» Сэрмакъ къитхыкІари. Къуажэм дэт тыкуэнхэм ящыщ зым щІэтхэр сондэджару, хьэпшып гъуэтыгъуей кхахуэкІуэмэ, езыхэм зралъэфэлІэжу тхьэ щеІуэж тхыгъэр зейм, Ауэ езым и цІэр ебэщІ.

Зыми и унэцІэ зыщІэмыт нэгъуэщІ тхыгъэхэри къыщытхуэкІуэ щыІэщ. Дэ тщІэркъым абыхэм къаІэт Іуэхугъуэхэр пэжми е зыгуэрым пщІы кІэралъхьэи щхьэкІэ къатхми. Ауэ зи гугъу ящІыр пэжмэ, езыхэри абы щыхьэт техъуэжмэ, щхьэ я цІэр абзыщІрэ?

Иужь зэманым редакцэм къыІэрыхьа письмохэм ящыщхэр нобэ газетым тыдодзэ.

УЭРЫШ Нурхьэлий.

ФІыщІэ ин яхудощІ

Редакцэм и лэжьакІуэ псоми сэлам гуапэ фызох. Сэ куэд щІауэ «Ленин гъуэгу» газетыр си Іэпэгъуш. Иужь зэманым газетеджэхэм я фІыщІэхэр, гукъеуэхэр къытевдзэ зэрыхъуами гу лъыстащ икІи сэ сигу ирохь. Сэри сынывоплъэІу сыкъэвмыгъэщІэхъуну, зи гугъу сщІыну цІыхуфІхэм яхуэгъэзауэ псалъэ зытІущ жызгъэІэну.

Дохутырхэу Жэмыхъуэ Хьэсэнбийрэ Бэракъ Олегрэщ жыхуэсІэр. Япэ дыдэу сцІыхуауэ щытащ ахэр си лъакъуэр щыкъутам. Япэу сызыхуэзар Олегт, уэым сигъэгужьея пэтми, сэ гу лъызмытэу къэнакъым ар зэрыІэпэ щабэм, зэрыбзэІэфІым. Занщ1эу сыдихьэхат, сигъэхъужыфьыну къыщІысщыхъуар сщІэртэкъым. Налшык укІуэн хуейщ щыжиІэми ауэ гъунэгъуу зыбгъэдэзгъэхьатэкъым.

Си пІэм сыщыхуимытэкІым сыт ищІэжынт дохутырым? КъызэІэзэу щІидзащ, абы и зэфІэкІ псор итІанэщ къыщызгурыІуэпар. Сриангэ фІэкІа умыщІэну къысщхьэщымыкІыу къысхуэгугъэщ, къызэлІэлІащ. Си къупщхьэ щэщари хуэм-хуэмурэ кІыжащ. Арщхьэкіэ куэд дэмыкІыу аргуэру къутэжащ, илъэсищым къриубыдэу тхуэнейрэ гугъу сригъэхьащ.

